

KONSÈY POU TOMAT


Tomat se yon legim prefere anpil jadinnye nan Nòdès la nan sezon ete. Yo te premye kiltive pa gwoup endijèn ki pi pre ekwatè a, ki vle di yo bezwen anpil limyè solèy la ak yon sous dlo ki konsistan. Tcheke enfòmasyon nou yo anba a pou w aprann plis!

KALITE TOMAT YO

Konsidere chwazi kalite tomat ou plante baze sou kijan ou ta renmen itilize tomat ou yo.

Gen kat kategori tomat prensipal:

- **CERIZ-** yo piti yo dous e yo gen yon gou entans, yo bon pou manje kri ak nan salad
- **PATE-** yo rele yo tou "tomat prin," yo bon pou fè sòs tomat, tomat sa yo pi sèk e yo gen plis vyann
- **TRANCH-** yo gen tandans gen yon fòm egzakteman wonn, souvan yo itilize pou sandwich ak salad
- **BEEFSTEAK-** tomat oval ak laj ki gen yon gou konplèks



AN NOU KOMANSE

- **KOMANSE ANDEDAN:** Kòm tomat soti toupre ekwatè a, yo bezwen anpil chalè pou yo grandi andedan. Si ou ta renmen kòmanse plante tomat ak grenn, ou pral bezwen kòmanse tomat ou andedan kay la. Kòmmanse plantasyon tomat ou yo nan mwa mas pou ba yo kantite tan apwopriye pou grandi nan yon anviwònman cho.
- **PREMYE SWEN:** Asire ke plant ou nan po ki gen gwoèsè apwopriye. Pandan y ap grandi, ou dwe mete yo nan po ki pi gwo. Nan fen Avril ak nan kòmansman Me, kòmmanse diminye valè dlo ak angrè w ap bay plant yo. Sa pral ede prepare yo pou anviwonman deyo a.
- **TRANSPLANTE:** Tipikman, li vin cho ase nan fen Me ak kòmansman Jen pou mete plant tomat yo deyò. Si w transplante plant yo twò bonè nan sezon an, fredy a ka choke plant yo e deranje kwasans yo.




KARAKTERISTIK KWASANS

Tomat yo gen de kalite modèl kwasans diferan:

- **DETÈMINE** plant tomat yo gen yon modèl kwasans tankou touf bwa ki ratresi nan yon wotè kat a sent pye. Tomat sou plant detèmine yo tout mi alantou an menm tan.
- Plant tomat **ENDETÈMINE** yo kontinye ap grandi ak pwodwi fwi jiskaske yo kontwole pa yon jadinnye oswa move tan an. Yo grandi trè wo epi yo pa gen yon wotè ki etabli.

PRATIK KWASANS



A. AWOZAJ: Tomat yo bezwen apeprè yon pous dlo pas semèn. Twòp dlo ka lakoz plant yo krake. Epitou, eseye evite awozaj fèy oswa voye tè pou diminye chans pou maladi.

B. FÈTILIZE: Aplike yon angrè, konpòs, oswa emilsyon pwason, plizyè fwa nan sezon kwasans la. Pou tomat yo, li avantaje pou sèvi ak yon angrè ak 5 pati azòt, 10 pati fosfò, 5 pati potasyòm (5-10-5) si sa posib.

C. KOUPE: swa retire ti branch sou kote k ap grandi ant tij prensipal la ak branch fèy oswa retire tout ti branch anba premye flè yo. Pandan ke koupe a ka diminye kantite fwi plant la pwodwi, li ka ranfòse estrikti plant ou a, ogmante gwosè fwi plant la, diminye maladi, ak ogmante vantilasyon nan plant ou.

D. PIK: Nan lòd pou sipòte plant ou yo pou l pa tonbe atè a, sèvi ak yon kaj oswa yon pik pou sipòte plant ou.